

WILMEUS TAMAR

Okipasyon blan meriken

Nan woman sa, mwen rakonte listwa yon gwoup moun ki gen yon moso tè paran yo mouri kite pou yo kapab viv. Men nan neglijans melanje avèk jalouzi vin simen divizyon nan mitan yo. Se konsa yon chèf travay, ki pwofite sou chire pit yo an pou vin mete swadizan lòd nan mitan yo. Patwon sila a te fè yo tounen travayè, nan travay san pran souf pou yo te kapab ogmante lajan nan pòch li.

Li te jwe nan tout pyès pou li te kapab genyen tèt yo, pou li kapab pran tout richès ak lòt byen yo te genyen. Li te konn chèche pete gwo eskonbrit pou li pase yo nan tenten, nan rayi pwòp frè yo pou byennèt misye Patwon.

Vwala, yon jou travayè yo vin revòlte epi se konsa patwon an vin rive pèdi travayè yo. Patwon an se blan meriken, ki te vin enpoze nou pwòp lalwa yo, yon mannyè pou sa dirije nou. Travayè yo menm, se pèp ayisyen nan lepòk sa a, ki te viktim lokipasyon an. Sa rive fè nou konprann, ou kapab twonpe yon moun jodi a, osinon mete li nan lesklavaj, men gen yon jou ki gen pou rive li pral libere.

Pandan nou pa p janm bliye enpak lenjistis moman lesklavaj la te gen sou nou, ni nan koze ekonomik, sosyal, kiltirèl ak relijye. Li pa janm two ta pou nou libere, malgre tout mal sa kite sou lavi nou. Kidonk, se moun nan ki pou batay, pou kale je nou ak pran konsyans sou lavi n antanke moun. Konsa nou va fikse je nou, nan direksyon solèy leve pou n sa benefisye sa l pote pou nou yo, epi se nan fason sa na rive bati lavi nou.

Wilmeus TAMAR

Okipasyon Blan Meriken, nan peyi Dayiti

Wilmeus TAMAR



**Konkou SAKS,
dezyèm edisyon**

POTOPRENS, 2016

Nòt

TAMAR Wilmeus

**Okipasyon Blan Meriken,
nan peyi Dayiti**

Woman

*

Konkou SAKS, dezyèm edisyon

Oktòb 2016

Bibliyografi

- Istwa peyi Dayiti, Estefèn Aleksi (Stephen Alexis), paj 189, 193,199
- Tèks , Ti Sòlda a (le petit soldat), Pyè Sili (Pierre Sully)
- Okipasyon blan meriken, (Carlitz Docteur), paj 32
- Gwo refleksyon sou okipasyon blan meriken, Estanley Kali Jan bètran (Stanley Karly Jean-Bertrand)
- Okipasyon blan meriken, Sizi kastò (Suzie Castor)
- Istwa kache sou okipasyon blan meriken, rakonte nan kanton yo ansanm ak grandèt yo.

*

Moun ki ekri istwa yo, epi mete dekorasyon se: **WilmeusTAMAR**
@onjesfi-Haiti
wilmtam@gmail.com
3837 0171

Remèsiman

Si pipi krapo ede larivyè koule, mwen rive konprann tout bon vre di mèsì se yon obligasyon. Kidonk, pèsonn pa dwe bliye premye grenn lapli ki ede jaden ou boujonnen an. Si manje an gou pandan w ap fè manton ou, monte desann melanje avèk gwo bèl kiyè lamanjay, nou pa kapab nan okenn kondisyon bliye moun ki te nan kwizin nan, kite pran tan yo pou ban nou kichòy sa, dekwa pou pèmèt nou rete viv nan lasante.

Pou rezon sila a, mwen remèsye manm komite administratif **Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal, (SAKS)** ki pran bèl inisyativ sa a, pou bay lang kreyòl la tout valè li, nan ede popilasyon an konnen kote yo soti, epi li nan lang yo tou.

Yon gwo mèsì, espesyalman pou moun ki te pran tan yo pou ban nou bon jan direksyon, pou nou te kapab ekri dokiman nou yo tankou: madam Rodny Laurent E, mesye Pierre Michel Chery, madam Myrtha Gilbert, mesye Jean Renol Eli, pou bon jan koutmen ak konsèy yo te ban nou.

Mèsì anpil !

Wilmeus T.

SOSYETE ANIMASYON KOMINIKASYON SOSYAL, (SAKS)

Woman Wilmeus TAMAR

@Patisipan, oktòb 2016

Yon ti koze avèk ekriven an

Wilmeus TAMAR, te fèt nan yon ti kanton ki pote non Jolivè, sizyèm seksyon kominal Gwomòn, nan depatman latibonit. Mwen se dènye pitit fanmi mwen ki konte 7 kretyen vivan. Paran mwen yo te voye mwen lekòl sainte Marguerite Marie AlaCoque (Sen Magerit Mari Alakòk) kay mè relijyez ki te nan zòn nan pou etid primè mwen, aprè sa mwen te jwenn chans ale nan lise Jacques Stephen Alexis (Jak Estefèn Aleksi) pou etid segondè mwen yo, pou klas filo a, mwen t oblije monte pòtoprens pou mwen te vin lekòl nan kolèj Verena nan delma 2.

Aprè sa mwen t ale nan lekòl enfimye Institut Louis Pasteur (Enstiti Lwi Pastè). Depi moman sa a, mwen kòmanse ap bay koutmen pa m pou konsèvasyon lang kreyòl la, nan marye dokiman mwen ap reyalite peyi m. Mwen se yon jèn gason ki angaje li nan batay pou pwomosyon lang kreyòl la, paske yon pèp ki pa konn kote li soti pa p kapab ale okenn kote.

Ayibobo pou nou tout.

Wilmeus TAMAR

Mezanmi se vre wi, se pandan m t ap soti nan kanton ki rele jolivè nan zòn kote mwen te fèt, mwen te monte yon machin pou m antre nan vil pòtoprens, mwen antre lakay fanmiy mwen ki bò isit epi m, t ap koute yon estasyon radyo, ki pale m kijan **Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal, (SAKS)** gen yon konkou pou voye lang kreyòl monte, yo banm yon ti kout pye ki voye m ateri nan vil dèlma kote SAKS chita kò l, epi depi moman sa , mwen rale plim ak papye mwen kòmanse ekri pou m rakonte nou ti istwa sila a.

Ayibobo!

Ououou! ououou! ououou! ououou!

Lanbi delivrans lan sonnen pou nèg isit jwenn jistis yo, se konsa mesye jandam yo fè bak tankou kribich nan larivyè vre. Pitit eritaj la rive jwenn tout dwa yo pou yo fonksyone ak fè sa yo pito. Tout bagay vin sou kontwòl yo, pa gen kout baton ak kòve ankò, nan travay tout jounen pou ranpli pòch patwon blan jandam. Tankou zegwi ki pase tout lannwit ap koud bèl kostim pou voye patwon nan gwo festen.

Malgre yo pote ale anpil bèl richès nou te genyen, men sa pa anpeche nou jwenn yon ti kichòy ki rete pou nou, kanari pa sous, tan ki ale pa p retounen, men baton ki nan men w se ak li ou pare kou ou, dekwa pou w ka rive kreye mwayen pou pwoteje tèt ou.

Li pa janm two ta pou gen lapli ki tonbe, se nou k pou mete nou vijilan pou n evite dega ki posib epi prepare n pou tout sa k posib. Kidonk se nan chita veye, n ap rive goumen kont lèdm an. Si n pa mare baryè jaden nou, kabrit ak tout lòt zannimo pral manje tout bagay, lè nou panse sou jaden an l ap gen tan two ta pou nou.

Prezantasyon

Okipasyon blan meriken, nan vrè reyalite popilasyon ayisyen an avèk Wilmeus TAMAR

Byen chita, pa janm anpeche dèyè pran gal vre wi. Paske menm lèt kaye rive kase zo kokolo tèt timoun k ap jwe marèl, ak sote kòd anba sabilye ki pouse nan rivaj larivyè, yon fason pou granmoun pa konn demele yo. Men, yo konn bliye se nan raje byen lwen yo souvan fouye tanbou, epi yo pote l vin bat pou fè moun mete ak wete pa nan bitasyon yo, dekwa pou tout laperèz kraze bwa ak vole gagè.

Se konsa wi, te gen yon gwoup moun ki te ganyan yon pòsyon tè pou yo koupe ak rache nan volonte yo, epi travay ak manje sa yo va gen bezwen depi yo kapab. Moso richès sa te tankou pwason ki kraze nan bouyon ki sanble ak manje brasaj, nan konbit rasanbleman nan bitasyon lakou yo pou sove pitit lakay yo.

Sanzatann, yon jenn bray yo rele Tikolon¹ nan lanbisyon pou l dekouvri lanati debake ak tout chalè kabann li, tankou dife ki pran nan pay mayi, san poze okenn kesyon gentan gen lide pou li wete tout bagay sa yo nan men gwoup moun sa yo, ki te tankou ti Jezi ki chita nan po krab, yon banm moun tankou bann bèf y ap kondwi labatwa pou nourri vant moun ki gen mwayen oswa gwo lamama.

(1) **Tikolon** : Non ki gen rapò avèk Kristòf Kolon (Christophe Colon)

CHAPIT PREMIYE

*

Lanbisyon pouse moun fè sa yo vle, epi menm rive chanje koulè tout bagay...

Mesye OOO! se konsa bagay la te ye la? Timoun pa konn bwè tafwa, se nou menm ki dwe gen richès sa . Gwoup moun sa yo, te sanble ansanm avèk bèl zanj ki nan syèl, lè Tikolon te dekouvri zòn sila, li te menm panse se te yon pati nan linivè ki pa te gen anyen pou te wè ak latè, devan sa yo te konn ap rankonte nan peyi li an.

Si bourik pa ka mètba yon bèf, kidonk li enposib pou w mande bèl pye kokoye yo, pou yo demele yo pou donnen mango. Paske chak bagay gen limit yo ki makonnen ak misyon yo. Se menm kout baton an , pou w mande yon moun oswa yon zannimo pou tanmen sa ki pa nan mezi li. Mouche Tikolon ki pa pran nan lapriyè, tankou pentad nan moutany¹ ki wè chasè k ap rive sou yo , se pa koze sa Tikolon te vin regle. Li tonbe fè yo travay latè pou li, nan bouske tout sa ki enpòtan pou ranpli ralfò li.

Mezanmi, sa ou te panse? Lamarin pa metye w, w ap nwaye kanmenm. Se konsa moun sa yo vin ap mouri anpil. Bagay sila, mete nan gwo eskonbrit ant Tikolon ansanm ak moun sa yo ki t ap viv sou pòsyon latè sa.

(1) **Moutany:** ki rete nan mòn

Yon jou pou chasè, yon jou tou pou ti jibye k ap pase tray anba men misye chasè tou. Koze a pral gate wi, paske koze esklav vin kòmandan epi pou kòmandan tounen esklav la pa sanble fin sonnen byen nan zòrèy moun ki t ap dirije yo, ki t ap rache koupe paske yo te sèl kòk chante nan kanton an epi fè sa yo vle tou.

Vole ponpe, sa w pa swete a se li ki pral rive kanmenm.

Si w pa gen kè ou pa dwe jwe pokè, lè jou a pa pou ou, lèt kaye kase zo bwa tèt ou, sa k te panse marengwen te kapab rann kretyen vivan lavi enposib ?

Sa k te panse founi te ka rann gwo vye papa landòmi pwoblèm, epi fè li chanje direksyon san pèdi tan ?

Sa k te panse gwo lyon ansanm ak gwo tig te kapab kouri douvan founi ?

Sa k te panse pise ki soti nan ren moun te ka mande w regleman si w pa jere l ak atansyon?

Se vre depi nan lavèy, lè nèg ki te byen ekipe jis nan grenn dan te debake isit, yo te deja montre lè chen griyen dan li, sa pa vle di se ri li ri pou sa, kidonk se pa kè li ki kontan. Se vandredi sen ki pou di w kouman dimanch pak va ye, adje papa depi sou debake yo tankou yon kout loray mwa dawout pou vin mete swadizan lapè nan mitan nou, ki te nan gwo eskonbrit, divizyon te deja kreye.

Ki kote chat te konn veye mantèg sa ? Mete lèt sou tab pou mimi veye pou w, lè w gade nan syèl la, w ap wè solèy la gentan balize nan mitan syèl, kidonk se sou lonbray ou w ap mache. Se koze sila a, ki te rive mèt eritaj sa wi, yo te pran nan yon kou pa konprann. Nan rete kwè kaka je se linèt oswa pise gaye te kapab kimen.

Mezanmi, se konsa yon sèl dwèt pa manje gonmbo wi. Se pa yon sèl machwè ki dwe moulen vyann nan, depi se yon sèl machwè ki moulen vyann nan, ap gen figi gonfle tankou timoun k ap bay balon van, pou yo jwe foutbòl nan bò rivay apre yo fin desann mango ansanm ak gwayav. Men yo toujou bliye, nan bay van konsa, se swa li eklate osinon li bon.

Se konsa, misye Tikolon oblije retounen lakay epi sou konsèy yon zanmi l, ki te louvri de grenn je li sou mannyè li kapab manniganse pou li reyisi jwenn tout sa li vle, nan konseye l vini ak gason vanyan, byen kanpe, potray djanm tankou bèl grenn bannann ki plante nan bon nouvèl ak bon dekou wi.

Mwen pa bezwen di w kouman gason yo te djanm, te gen bèl nana nan yo tou, bèl fanm gwo pòtray tou kite soti byen lwen pou vin travay pou misye Tikolon. Misye te fè yo travay anpil, se konsa li te rive kite zòn nan pou l te retounen lakay li.

Raje gen zòrèy vre wi, paske se moun ki monte ajoupa yo nan li pou pare solèy ak lapli, epi ranpli tout misyon yo va genyen pou sa. Menm jan lè yon chwal tonbe tout chen nan kanton an reyini pou manje li, ak rankontre tou pou yo fè fòs yo nan batay, reyalite sa a pa depaman ansanm ak sitiyasyon etranje sa yo ki te vin sou moso tè a. Se tankou yon bèl siga¹, ki fèt ak bon tabak epi chak jenn gason santi yo anvi pran yon nway.

Bagay sa a katiye yo, epi gason kite pi bandi a rive ganyan siga a. Kidonk, yon peyi ki rele Lafrans (La France) vin rive genyen moso byen an pou li kontinye ranmase plen makout li. Nan maltrete tout gason bèl pòtray sa yo, nan mete yo nan kondisyon pou yo pa moun menm...

(1) **Siga:** bagay ki fèt pou fimen

Se nan kase mayi a wi, n ap rive konte bougon yo. Malgre tout sa yo te pase anba men Tikolon, apre l te fin pran moso pa l, sa se te twòkèt la paske chay ede m pote sa a, pòkò te rive vre, kondisyon yo pa te bon pou yo, men konviksyon yo ak detèminasyon yo, te kondwi yo sou chimen liberasyon.

Si tout sa k pa bon pou lòt la, men l ap rive bon nan bouch youn kanmenm. Divizyon ki te egziste sou rès pati latè pral ede yo lite pou yo soti anba men peyi sa ki se Lafrans la. Avèk konkou yo tout makonnen ak fòs bondje yo a, tout sa te ba yo kouraj pou menmen batay la.

Tankou yon gwo kout toubiyon, ki anonse gwo fòs k ap soti nan direksyon peyi lakay yo pou vin atèri nan demanbre yo, yon fason pou pale ak yo pou yo kapab aji nan yon gwo woumble yo t ap reyalize nan yon gwo touf raje, nan Bwa kay Imann (Bois Caiman), nan bitasyon kay yon oungan.

Granmesi gwo lwa yo melanje ak fòs yo pa kapab konprann yo, rive montre yo chimen pou yo tanmen pou yo rive pote lamayòl tout bon vre. Se konsa, yo sanble sou wout pou yo ta va libere vre. Lanbi rasanbleman an kònen, van liberasyon soufle, fòs nan bitasyon yo reveye pou vin pote koutmen yo bay zantray yo ki nan gwo danje. Yo pa t soti pou jwèt non, kidonk yo genyen batay la, yo vin lib jan yo te reve sa yon jou. Ayibobo...

Se gras avèk ti grenn diri nan chodyè, ti wòch pral rive goute grès tout bon vre wi, paske si nan lanmò cheval, chen nan kanton an rankontre pou fè salyè yo nan manje vyann. Se konsa tou, pitit eritay sa a, ki t ap souffri depi lontan anba men mesye sa yo, rive benefisye anpil kichòy tou. Malgre, soufrans la te di anpil, nan move kondisyon yo te mennen lavi yo nan moman an, men yo rive chape poul yo kanmenm.

Nan mitan dezolasyon melanje ak kè sere koule sous delivrans la. Se yon mal ki parèt pou byen wi, anba lesklavaj, anba lavi sou mizè nan mitan kout baton, ki pase pran kout grenn bòt, douvan tankou dèyè. Genyen yon van lespwa ki anonse, anpil gwo bagay ak bon jan enstrikti pou demen yo kapab pi klere.

Si lannwit, nan mitan sòmèy lanmò, nou rankontre bon jan konsèy pou nou aji nan zye lèzòt yo, se menm kout baton an tou, anba maltretans, sou san konpatriyòt nou yo, koule sous devlopman an. Malgre tout mal, dominasyon san manman, san papa sa a, sa te pote pou nou, men li te mete nou, sou pwent zòtèy nou, pou n kapab gen bon jan mannyè pou n travay pou nou pran chimen devlopman an.

Men yo te bliye, si farin frans ki tonbe sou rad nwa, si se dlo ki pou wete l tout bon vre. Pou yo te rive viv byen nan byen moun sa yo, zago loray san pitye sa yo te oblije mete yon pakèt estrikti pou ede yo viv tankou se te lakay yo, yo te kouche pou desann nan gagann yo bon jan dlo glase, melanje ak bon friz k ap fè yo tranble tankou fèy bannann ki gen dife anba li.

Se nan konsa, yo te rive mete kanpe lekòl ansanm ak lòt enstitisyon pou te bay pitit tè a bon jan fòmasyon yo va gen bezwen pou demen yo. Yo te menm rive konstwi chimen tou pou te ede yo sikile ak byen moun yo. Yon fason pou yo te kapab bwote ale pi byen.

Men yo te bliye si chodyè prete pa bouyi pwa sèch, kidonk yo pa nan manje graten paske depi mèt kabrit mande kabrit plenn pa plenn, ou dwe remèt li sa. Pwiske yo pa t ka kraze tout bagay sa yo, lè briganday la pete nan kanton an, yo pral fè bak tankou kribich ki nan larivyè kap veye pou yo pa mete lapat sou li.

Se sa ki vin lakòz, lè zye pitit eritaj sa vin kale nan pran konsyans li pa posib pou y ap viv konsa, lwa manman yo melanje ak papa yo depi nan peyi lanfrik kote rasin yo te makonnen ansanm ak pouvwa tout gwo fòs nan lanati, te vin ba yo koutmen pou yo antann yo, yon fason pou gen linite nan mitan yo.

Si souvan sa konn rive, nou kite van divizyon an kouche sou moso atèmiyò nou yo, nan ajoupa bitasyon lakay nou, se konsa tou, si nou pa vire je nou kote solèy la leve, pou n reflechi sou sa nou vle, bagay la ka gate nan men nou. Mmm se vre wi, nan kale je gade san deside, sa pral mennen nou nan mitan somèy peyi tèt san chapo.

Ayayay, fouchèt divizyon pa ranmase soup joumou liberasyon pou desann nan bouch nou. Sa rive mete n sou wout ki gen gwo falèz, melanje avèk pikan pengwen nan mitan ravin dezolasyon. Sa m ap di n la, se vre wi, si nou pa ede larivyè a fè chimen l nan mitan jaden bannann kiyèz nou yo, ki grandi tankou bannann ki plante bon jan dekou¹ oswa nan mitan nouvèl².

Tankou grenn tchèk³, ki gwozè gwo bout pilon k ap pile pitimi pou nwèl nan mwa desanm. Malgre gwozè yo te kapab grandi, depi n pa ba yo direksyon, nou pa pwoteje yo, depi larivyè jwenn koutmen tout dlo k ap soti nan ti ravin nan tèt mòn yo, l ap rive krabinen yo jis li disparèt yo nèt. Kidonk, nou tout pral bannann vre.

Konsa, nou pral rive konprann yon sèl machwè pa ka rive moulen vyann. Se tout kretyen vivan, depi nan nò rive nan sid, soti nan lwès pou atèri nan lès, menm si l te nèg anwo oswa anba, menm si l ta wouj osinon nwa.-----

(1) **Dekou**: lè solèy la kouche, lè pa gen lalin pou klere nou.

(2) **Nouvèl**: nan moman lalin la pran plenn

(3) **Tchèk**: bannann kiyèz

Menm si l ta soti nan plenn tankou nan moutany, li bezwen viv byen epi fòk li jwenn tout sa li bezwen pou l fonksyone tankou moun. Si sa pa rive reyalize, deblozay gen pou katiye nan mitan moun yo ki bati sosyete a.

Chimen bouton, se chimen maleng. Twal ki koumanse pran dife, si l pa jwenn dlo pou touye dife san manman, san papa sa, l ap redwi l jis li fè sann. Sa fè n konprann, depi tout pay pa fin boule alawonnbadè, dife a pa p mouri, se menm kout baton an tou pou van divizyon an.

Lè nou fè yon kout pye pou n gade sansi, depi vant li pa fin plen, jis li vle pete panno ajoupa a, kote l apiye sa, epi rale kabann li, pou l ranpli fal li ak san moun nan jis pou l rive debonde, li pa konn zafè moun l ap souse san l la.

Si sansi a tann vant li fin plen pou l tonbe, epi apre si l posib l ap rekoumanse menm bagay la ankò, n'ap rive dekouvri pou sitistasyon divizyon an, se tankou yon fil elektrik k ap souse san kreyen vivan, depi l pa fin dechèpiye ou nèt, monchè li pa p lage w non, l ap fè w tounen zo ki nan gran chimen, chen fi n souse.

Se konsa, medam sa yo melanje ak lòt moun, t ap fè yo konprann yo pa gen pèsoun pou yo pè, paske manman yo mouri deja, papa yo deja fè vwèl pou peyi tèt san chapo.

*

* *

Siwo kann ki byen bouyi, osinon siwo myèl pa janm fini dekrase nan boutèy paske li byen prepare, epi li koyas¹ tankou mousa² manyòk mayisab, ki donnen nan bon jan sab k ap jwenn dlo san rete pou l ka devlope.

Se koze sa a ki t ap rive delivre pitit pitit moun sa yo, zago loray tout kalite sa yo te fin dechèpiye. Malgre tout sa yo te bwote pote ale nan peyi lakay yo, pou ranpli pòch yo ak moun ki nan menm espas avèk yo. Sa pa te pèmèt yo fini nèt ak tout bagay pou sa.

Tankou siklòn, konn pote ale sa nou genyen, tankou pentad nan mòn ka p rache pistach travayè, nan mete yo tankou jwif pou veye tout sa k vle pote rekòt moun yo ale. Nan fè moun sa yo tankou mantèg ki nan solèy, pou regle koze pa yo.

(1) **Koyas**: ki kenbe anpil, ki pa djanm no li pa two mòl

(2) **Mousa**: Lè w pile manyòk pou w fè farina k labouyi.

Koze a koumanse gate wi, paske responsab yo tanmen bay vag. Yo fè tonnè kraze yo, vyèy pete grenn je yo, fòk yo jwenn soulajman. Depi apre moman sa a, pitit eritaj sa a gen plis kouraj pou lite kont vòlò sa yo. Nan kanton yo te konn ap pase, pitit eritaj la pa janm di yo anyen epi yo rete tèt frèt.

Men depi li koumanse fè bwazen, sa k pa byen ranje kò w paske n ap mannyen yo fò. Yon ekip bèl fanm kreyòl ki gen zantray yo nan peyi lanfrik, deside bay yo repons mounen yo, ansanm ak asasen sila yo ki katiye kò yo sou byen gran paran yo mouri kite pou yo.

Mesye ooo, kay pa pou ou, ou pa kapab konn tout ti kwen. Zago loray sa yo, ki te gen zouti pou defann yo jis nan grenn dan pa sispann resevwa men sòl yo nan men medam sila yo. Bèl kout boutèy melanje ak bèl grenn wòch, pa sispann kale banda nan tèt tout atoufè sa yo, ki te abiye tankou jandam. M toujou di nou sa, depi granmoun pèdi kad ou, timoun gen pou mete w sou sa kanmenm.

Sa ki lakòz, malgre yo te byen ame, men sa pa t anpeche yo siveye kò yo, gen zòn yo pa kapab sikile nan lanjèl ap sa y ap rankontre ak zo grann yo. Depi rat konnen, chat konnen zafè pou w pa jwenn bòk mayi a la, se bliye sa.

Adje papa, lanwouze minwi taye banda li depi solèy poko kale zye li. Paske koze si danmijonn poko plen an, pou boutèy pa kapab ranpli a, fòk sitiyasyon boutèy chanje kanmenm. Kidonk, yon sèl machwè pa dwe chita ap moulen vyann.

Koukouyoukou! Koukouyoukou! Koukouyoukou!

Ayayay, kòk douvanjou deja chante, pou li kapab ede tout lòt zannimo yo tankou kretyen vivan rive souke lanwouze dòmi an nan 2 grenn zye yo. Tout poul ansanm avèk lòt zwazo yo, deja koumanse chèche chimen yo va pran, pou pèmèt yo rive fè onon di pè yo, nan mannyè pa yo.

Pou kretyen vivan yo menm, yo deja koumanse ap sanble moso atèmiyò¹ yo, epi fè onon di pè osinon jete twa gout dlo atè, epi limen yon bout chandèl, pou remèsye tout gwo fòs zansèt yo, nan direksyon solèy leve ak kote li kouche. Aprè sa, tout moun katiye kò yo toupatou, pou yo jwenn kichòy pou touye vè nan vant yo epi gade kouman yo kapab fè kè yo kontan tou.

(1) *Atèmiyò*: moso bagay ki fèt avèk pay latanye pou moun kouche

CHAPIT DEZYÈM

**

Vwala, se te yon diskisyon kite gen sou planèt latè pou yo te kapab separe tout richès ki genyen nan linivè. Depi kote solèy leve pou rive kote li kouche, makonnen avèk richès ki nan lespas, kote grenn zye nou pa kapab rive osinon anba gwo sous dlo yo, pou menm rive anba tè a. Gwo zago loray nan lepòk la, bann zye kale yo, ki pi gwo pase gwo lalin k ap balize dèyè mòn, ki chita k ap prepare li yon mannyè pou li pran plenn.

Gwo zago loray sa yo, ki menm sanble avèk grenn pwomennen epi menm ale pi lwen pou tounen sansi, pou sa yo, ki ta pa fini twò kòdjòm yo, nan mete yo sou gwo lasèlèt¹ epi rann yo vin zoklimo² pou yo menm yo kapab rive tout bon vre vin viv nan sitiyasyon myezèt³ sou langwas⁴ yo.

Sitiyasyon sila a, te pèmèt yo rive demele yo tankou mèt jan jak pou yo te tire ti lasibab⁵ pa yo, nan separasyon gato misye latè sa a. Si eksperyans kòk la chita nan zepon li, se konsa tou, yo te mache tankou yon kòk kazwèl ki te pran move kout zepon, dekwa pou yo te rive soti avèk kenn pa yo.

(1) **Lasèlèt** : moun ki anba presyons

(2) **Zoklimo**: ki sèch anpil, tifi sa zoklimo, depi manman li mouri a.

(3) **Myezèt**: afè moun ki bon, ki gen lamama, nan djola yo

(4) **Langwas**: santiman lapèrèz ak gwo enkretid

(5) **Lasibab**: ti kras manje, bagay elatriye..

Pitit eritaj sa a, oblije koumanse kritike yo pou fason y ap maltrete yo a. Mezanmi, se te byen konte men mal kalkile wi. Si ou anpeche mwen manje, m ap anpeche w tata wi. Se vre wi, zago loray san fanmiy sa yo pa kontan menm non, yo te oblije fè tout moun k ap ekri yo sispann ekri, epi pinga yo pibliye bagay sa yo nan jounal yon mannyè pou lèzòt pa gen nouvell kisa nou menm n ap regle pa bò isit. Paske se ti patat ki fè yon gwo chay, zye fon kriye davans.

Bon pou fason nou alèz isit, nou pa p ale non. Se konsa, asosye yo mande pou yo gen yon dokiman ki ekri dekwa pou n ka dirije yo pi byen vre. Men se konsa, anpil gwo nèg ki te gen misyon pou jere byen sa a gran paran yo te kite an, pa antre nan koze pou bay atoufè piyay, pwiske se yo menm ki te gen manda pou te ede chèf nasyonal yo te genyen an, nan bon jan gouvènay¹.

Se konsa wi, doktè Remon Kabèch (Dr. Raymond Cabèche) te deside pa patisipe nan konplo sa a, li te oblije remèt demisyon l bay rès zanmi l yo, misye ki te moun Gonayiv (Gonaives). Pandan l di yo, li pa p bwè remèd chwal sa. Se pou jenerasyon k ap vini epi k ap swiv nou rive konprann ki moun ki lakòz. Depi jodi a, plas mwen pa isit la, men bò kote pèp sa a, ki gen byen l epi yo vle pran l nan men l. Kote gran paran l yo, te batay pou kite l pou yo.

(1) **Gouvènay**: Moun k ap dirije yon bagay.

Epitou yo vin rann kont tou, kaka bèf pa bonbon siwo, li pa nòmal pou yo pran nan presyon aloufa¹ san manman, san papa sa yo, ki pare pou detwi lavi yo dekwa yo va gen chans pou pote ale tout sa nou va genyen. Zago loray, aloufa sa yo pran nèg lanfrik pou tèkwè wi, adje papa yo mèt pale di sa yo pito, men nou menm gason ak fanm ki gen kouraj, ti poul dèyè manman sa yo, ki sanble ansanm ak bèl moso kabrit ki boukannen sou boukan dife nou, ki sanble ak bon ti mango fransik nan vil Gwomòn, nou kapab rive desann yo nan gòj nou ak yon grenn disèl.

Si koulèv la rive souse krapo, mezanmi krapo konn eklate koulèv tou. Anpil gwo boulèt wouj koumanse degaje nan gwo journal yo te ekri pou denonse yo, yo te trete zago loray sa yo tout fason, sou tout non, pou te rive dekouraje yo nan lenjistis yo tanmen sou nèg isit. Depi sou non yo te konn bay journal yo, te deja yon mesaj pou te di mesye renmen tout sa yo, avoras² sa yo, sousèt dènye nivo sa yo, kote isit pa ajoupa yo kidonk pa gen rezon pou yo vin pare solèy midi yo la.

Depi yo antre sou pòsyon eritaj sa a, yo pa janm sispann touye pitit byen sila a, dekwa pou yo kapab tounen sèl kòk chante, yo mete nou nan fè kòve, epi yo touye nou tankou ti zwezo nan bwa pandan yon ti kras tan konsa, yo wete nan men nou byen paran n yo te kite pou nou an.

(1) **Aloufa**: Moun ki renmen tout pou yo

(2) **Avoras** : ki pa janm fin kontante yo

Degoute miyò pase pa pise menm, apre tout eskonbrit kreyen vivan nan moman sa a, sa te ede yo rive gen ti lasibab pa yo nan lotisman¹ sa a. Malgre, se nan sitiyaasyon labirent² yo te rive fè sa anba gwo zago loray sa yo.

Si, timoun mande gombo cho, ou dwe lage li nan mitan de pla men li. Malgre tout gwo wonmble, yo te mennen ansanm pou yo te kapab jwenn chans sòti avèk ti moso lasibab yo a, alòske se ansanm yo te rive planifye tout gwo konba yo, men sanble chodyè monte sou non timoun, pou li desann sou non granmoun. Alakoze papa, lè yo t ap kouri dèyè kodènn pou yo te kapab kenbe li, yon fason pou te rive plimen l, mwen te nan kouri a tou, mwen te nan devlope tout estrateji yo epi melanje nan wanga³ yo tou, men kounya vyann nan pare, yo vle mete mwen sou kote.

Tonnè kraze yo, vyèy pete de tou grenn zye nou, menm si m ta vire pou mwen mòde de bò bouda mwen, sa pa p pase konsa vre. Se sòt ki bay, enbesil ki pa pran.

(1) **Lotisman**: separasyon

(2) **Labirent**: sitiyaasyon difisil

(3) **Wanga**: nan fè seremoni (relijyon vodoun an) maji

Antouka papa, dlo lacho pa lèt non. Sa ki pase nan dizè lajounen pa menm bagay avèk sa ki pase nan dizè lè solèy la kouche. Se vre wi, nou gen lasibab nou an pou nou viv, epi travay san pran souf pou byennèt chak kretyen vivan. Kote se chak grenn koukouy, ki dwe klere pou lòt la, nan dimansyon li kapab.

Mezanmi, gwo eskonbrit¹ melanje avèk rayisans, lògèy, anvi tout, pral tounen saizon² pou angrese chire pit sa ki deja ranje kabann li nan sosyete a. Gran don yo nan lepòksa a, ki te deside mennen konba sa vin fè vwèl pou peyi tèt san chapo, anpil nan yo ki pati anvan lè, se rezilta divizyon ki makonnen nan mitan popilasyon moman sa a. Si maladi kansè pa poko gen bon jan remèd, pou pèmèt moun ki soufri l yo rale yon souf. Reyalite sila a, sanble ak de gout dlo ansanm avèk tout eskonbrit, ki vin kouche nan mitan popilasyon an.

Nan mitan koze sila, nou rive konprann anba moumou, se dèy vre wi. Kidonk se rat kay la menm, ki chita ap devore pay kay la. Pitit eritaj moso gato latè sa rive dekouvri, pati bonè pa vle di konn chimen pou sa. Depi moman sa, yo oblije chèche konn ki wout pou yo fè dekwa pou rive konsève byen sa a, yo kite pou yo an.

(1) **Eskonbrit:** divizyon, chire pit, eskandal

(2) **Salezon:** vyann ki sale anpil, ki gou nan bouch

Tankou gwo mazinnga¹ nan moutany², kote chak kretyen vivan pote kichòy pou fè travay la mache, ebyen reyalite sa a pa t diferan pou pitit moso eritaj sa a.

Paske baton ki nan men w, se avèk li ou pare kou. Depi moman sa a, tout moun kite gen yon kapasite pou reyalize yon travay, antann yo pou rive konbat esklavaj sa a.

Tout bèt ki jennen ap mòde bagay ki anpeche li delivre a, se konsa te gen radyo nan kanton an, pitit eritaj la tanmen denonse zago loray sa yo, ki vin tounen sansi pou yo a, yo te menm rive mande yon espas pou te fè gwo wonmble pou yo te kapab monte tèt moun yo, pou pran konsyans, epi ede yo rive dekouvri nèg peyi lanfrik pa dwe lach, nou se nèg Ginen³, nèg Konngo⁴ elatriye. Kidonk, joumoun pa fè mazonbèl nou pa dwe pè pèsounn.

Si pise krapo ede larivyè koule, ebyen yo rive konprann pale nan radyo pa kont pou mennen batay sa a. Yo lage yo nan zafè lekriti tou, nan pibliye yon kantite tèks pou pwoteste kont zago loray yo wi.

(1) **Mazinnga:** Gwo konbit pou travay sekle latè pou fè jaden

(2) **Moutany:** Zòn ki nan mòn yo

(3) **Ginen:** Peyi Gine (Guinée) tribi peyi lafrik

(4) **Konngo:** Peyi Konngo (Congo) tribi peyi lafrik

Men anvan sa, te gen tan gen yon gwo eskonbrit kite pete deja avèk moun nan kanton an pou koze bat moun, paske jandam yo te konn bat moun pou dan griyen, yon maten yo te maspinen yon ti granmoun nan kanton sa a, paske li te konn ap joure yo, paske yo te vle pase li lòd. Depi apre moman sa a, ti granmoun sa a te rankontre yon oungan ki te deside pou fè jandam sa konn ak ki bwa nou menm nèg isit ki gen lonbrit nou mare nan peyi lanfrik nou chofe.

Men se te pito nan lide yo, koze sila a te makonnen. Si anyen pa enposib, yo pa t janm dekouraje, nan lespri bondye lanfrik la, kite ede gran paran yo jwenn jistis yo nan men blan peyi Lafrans yo pral ede yo, yo menm antanke pitit yo tou.

Mezanmi, bwa mare wi plim koumanse monte sou do tout moun nan kanton an tou, paske pi fò nan yo rive konprann se batay paran yo te batay pou te kite moso byen sa pou yo. Se nan sans sa, anpil gwoup moun nan mitan fanmiy sa, te oblije itilize tout sa yo te konnen pou te kapab viv ak diyite moun yo.

CHAPIT TWAZYÈM

Diri fè ti wòch goute grès. Sa m ap di nou la se vre wi, lanmò cheval fè chen nan kanton an fè fèt, paske yo wè koze yo deja ranje, y ap fè salyè yo tout bon vre. Se pa chita nan papòt¹ lakay la ki konte, men pito se antre andedan an ki tout la. Prèske rive pa di rive pou sa. Nou pa kapab nan fwole² toujou, ni nan fè ti galantri, men fòk nou mete kanson nou nan senti nou, ki dwe mare avèk bèl vantrèz ki kapab soutni nou, nan tout chimen nou, sou direksyon wout lavi a tout bon vre.

Apre lanmò grandèt³ yo, eritye yo te kontinye travay pou pran swen lavi yo ansanm ak fanmiy yo tou. Si nou chita ap grelote⁴ nou douvan sitiyaasyon an, dekwa pou kat kapab bare 3 nan men nou, l ap vin pi di pou nou. Se pou sa, malgre ti chire pit yo, yo tanmen travay ansanm nan limit mwayen yo gen pou sa. Nan travay, tout lajounen ak nan banboche pou satisfè bezwen yo, nan mete yon anpenpan pou kapab defoule yo.

Anbisyon touye rat, renmen tout pèdi tout. Lè bèf panse se savann nan, li pral sal epoutan se dèyè jarèt li l ap sal. Nan lide pou yo tout chèf, bagay la rive gate nan men yo. Li tounen yon chandèl k ap limen nan 2 pwent nan men yo.

(1) **Papòt**; devan pòp kay la, nan separasyon galeri ak andedan an

(2) **Fwole**: pase tou pre pou rive

(3) **Grandèt**: granmoun yo /

(4) **grelote**: tranble

Tout sa ki pa bon pou youn, deja nan avantaj yon lòt. Kidonk, depi avan timoun nan te fèt, zye malfektè an te deja fikse sou li, epi etidye plan pou li kapab pran li, pou l sa desann andedan gòj li.

Pawòl sa a, pral reyalize nan mitan sosyete tan sa a, depi anvan gran paran yo te fè vwèl pou peyi san chapo a, zago loray kale, aloufa san parèy yo, renmen tout pou yo an, te deja ap mennen tout estraji yo, pou yo gade sou ki mannyè pou pran tout byen sa yo. Paske nan listwa lavi nou, timoun pa nan bwè likè, men ou ba li dlo sikre pou l kapab dodo.

Yon bon jou nan lanjeli, aloufa san parèy sa yo gentan debake pou vin mete demokrasi nan mitan pitit eritye byen moso gato latè, papa yo te batay depi lè tikonkonm t ap mande bwa dife regleman. Se pa manti non, anpil fwa se lè bèf fin pase nou konn deside pou n ap rele bare. Abitid sa a, konn fè nou pote lapòt kase¹ wi. Se pa nan moman nou gen dòmi an, pou n chwazi ap rasanble tout sa nou va genyen bezwen pou pare somèy nou, paske zye fon kriye davans.

Nan moman sa, eritye yo te chwazi youn pami yo ki rele Sudre Dartiguenave (Sid Datigenav) pou dirije yo, se sou pouvwa l la, zago loray sa yo, ki pa tandè ak wè, anvi bitasyon yo, san pèmasyon l. se moman ki te di anpil nan listwa lavi yo antanke kretyen vivan, apre lanmò gran paran yo.

(1) Lapòt kase : viktim, nan koze sa a...

Gason tankou fi, zannanna tankou pengwen, pit tankou mawon, nèg nan mòn tankou sa yo ki nan plen yo, alawonnbadè koumanse marinen¹ fòs yo, pou yo reponn mesye jandam sa yo ki pèdi batistè yo, ki vin pase raj la sou nou. Yo tèlman te anvi li midi anvan sis zè nan maten, paske yo santi yo bouke. Yo te menm rive fete anvan menm yo te libere.

Yon douvanjou, pandan moun ki eritye moso tè sa a, t ap prepare yo pou ale nan lanmès nan Katedral Pòtoprens, byen chèlbè tankou pan, yo rankontre ansanm avèk 2 bòt jandam sou tè mòn Bèlè (Bel-Air), m pa bezwen di nou kijan yo te kontan paske ta sanble, yo koumanse ap jwenn jistis ta sanble nan lide yo se touye yo touye yon jandam.

Se te byen konte, men m al kalkile wi. Se te yon machann ki t ap vann minisyon pou moun ki nan lame, yon **bwazen**² pandan li t ap soti anba lavil, pou li rantre lakay li, yon jandam kwaze avèk li, li mande l kiyès ki ba ou dwa pou ou vann, minisyon pou chèf? Depi tan sa a, se gwo pataswèl k ap tonbe nan figi madanm sa a...

Marinen: prepare, montaj, planifikasyon, konplo

Bwazen: pandan solèy ap kouche

Si nou te konnen, toujou rete dèyè vre wi... Depi moun sa yo fini pile byen tou ranpli sa a, yo pa mande rete non, se tankou se byen manman yo te mouri kite pou yo wi. Ou konnen tout dwèt se dwèt, men yo pa gen menm longè. Kidonk, zye yo kale tankou lalin k ap balize dèyè mòn nan, yo fouye tout kò yo, nan eritaj ki te pi bon yo, pandan yo fin pase nou lalwa yo.

Mezanmi OOO ! Zafè mwen pa m, epi misye ap vin pase mwen lòd, anpeche mwen sikile jan mwen vle. Non monchè, li pa posib vre. Mwen pa nan bouche nen pou m vale labouyi san siwo kann sa vre. Pou sa gran paran m yo te di m, anvan yo te janbe pou peyi san chapo, mwen pa p kite byen yo pou bann aloufa sa yo, menm konnen m pa konnen yo ni an pent, ni an nwa.

Mwen menm, jan li pase li pase, sa k rive li rive, m pa nan pale ak mesye jandam¹ sa yo, ki abiye epi ame jis nan grenn dan sa yo. Pou sa mwen wè, yo te fè mesye ki te touye premye chèf nou an, sa nou te mete prezidan nou an wi, lè te gen pwoblèm nan mitan nou an. Lè mesye sa yo te vini pandan li t ap fè bwazen² an, yo atake gwoup mesye sa yo, yo tonmtonm yo, tankou lamveritad nan chodyè peyizan nan vil Jeremi (Jérémié) wi. Alakoze papa, tout moun ap panse nan kanton an pou wè, kijan yo pral koumanse mete deyò bann mesye jandam sa yo ki vin pou mete yo nan lesklavaj, epi nan fè yo pratike sa yo rele kòve tou. _____

(1) *Jandam*: militè nan yon lame (2) *Bwazen*: pandan solèy ap kouche

Depi moman sa a, youn pami pitit eritay la deside pa danse kole ak nèg sa yo ki vini ak tout chalè kabann yo, pou vin pase yo lòd sou byen manman ak papa yo, Rosalvo Bobo (Wozalvo Bobo) ki te deja nan chire pit ak yon lòt pitit tè a, koumanse gonfle machwè sou yo, li pa deside leve menm yon ti pay pou yo.

Koze a vin mele wi, lè yon gwoup nan pitit eritay la deside san gade dèyè mache nan kondisyon pou sèvi gwoup atoufè, kraze zo sa yo ki vin pase nou koumandman sa yo.

Yo menm deside rive pote konkou yo, pou ede etranje sa yo jwenn pouvwa pou degaje yo san traka, nan ba yo lejitimite pou fè sa yo vle, nan kontwòle tout sa ki nan avantaj yo, ki pral ede yo domine nou pi byen.

Nan ba yo pouvwa sou tout fason, nan kraze tout enstrikti ki te pèmèt yo rekonèt yo, tankou yon gwoup ki òganize yo. Yo vin pèdi tout pouvwa kontwòl yo te genyen, yo vin lage de men balan paske yo vin ap sèvi moun sou mizè lòt yo.

Atansyon pa kapon, kidonk evite toujou pi bon pase mande padon wi. Men si li pa janm two ta, pou lapli tonbe nan fason l vle sou do ajoupa nou, pou rezon sa depi gen souf, gen lavi wi, anpil bagay kapab ale nan yon lòt direksyon wi.

Se vre labouyi farin mayi sa, pa gou nan bouch kras pitit eritaj sa, men yo pa rete nan bouche tou nen pou desann dlo santi sa a, nan gagann yo, paske lalwèt yo pa deside pou asepte koze sila. Pou rezon sa, tout moun alawonnbadè ki konprann, sa pa dous nan bouch chèche makonnen ansanm pou di non.

Malgre tout palisad¹, zotobre ki vini pou mete yo nan leto dekwa pou yo kapab travay pou ede yo pwogrese, nan manje kouraj yo pou lajan kontan. Yo te rete byen djanm epi yo tanmen tout batay ki posib pou konbat yo. Yo envante tout bagay pou yo fè zotobre sa yo dekouraje, paske zago loray sa yo te abiye depi moman yo rive sou byen pitit eritaj la, ak koulè kaka jako, yo te ame jis nan grenn dan, tankou yon pèchè ki pral peche zwazo nan nan raje, pou vin kwit nan chodyè li sou twa wòch dife, nan gwo fouye dife ki sanble ak frachinn² bwa byen sèch pou ranpli vant kretyen vivan.

Men pitit eritaj moso pòsyon byen an menm, te konn abiye tankou gran paran yo. Yo te rete nan tras zansèt yo te mouri kite pou yo. Nan pataje tout abitud makonnen avèk sitiyaasyon yo t ap viv la. Paske se pa abiman an, ki konstwi eskelèt kretyen vivan an. Ou te mèt bay chen an tout kalite manje, li pa p kite souse zo li.

(1) **Palisad** : kkloti ki sere yon kay avèk kenn lòt la

(2) **Frachinn** : ti moso bwa sèch ki fin anpil, ki boule byen vit nan dife.

Pandan jandam yo ap taye banda sou byen yo, konplo ap marinen tribòbabò tankou vyann kabrit nan fèt lakominyon kay gran don nan kanton an, pou yo rale yon souf anba men asasen degize sa yo, ki vini pou rann yo lavi enposib. Mesye Jandam sa yo, vini ak pwòp lalwa pa yo, pou defini kouman yo deside mennen popilasyon an.

Mezanmi, tandè avèk wè se de (2), se yon konbinezon kite byen makonnen pou popilasyon sa a, ki t ap boloze kò yo sou tè a, paske san manti wi, dan pouri gen kouraj sou bannann mi vre. Tonnè kraze nou, vyèyete zye nou, nan boukannen vyann nan fouye dife ki mouri, nou di sa, epi n ap repete l nan tou zòrèy yo, dekwa pou sanginè sa yo tandè l, se vre wi, chen ki konn bwè ze pa p kite metye l, sèlman si nou rive pete fyèl li. Adje konpè, ak pasyans n ap jwenn jistis nou.

Zago loray kale sa yo, ki te gen misyon yo byen ranpli avèk asosye yo pou te pran richès abitan yo, nan pote ale tout sa yo te genyen, sou pretèks yo te vin pou met lapè, adje papa, tandè ak wè se de (2) koze wi. Depi granmoun bab Blanch, cheve pit, ak po plise pa kenbe wòl li, ti bebe gen pou fè l eskplikasyon. Paske depi poul nan kòd, ravèt pa sispann vin mande li regleman non, sou lanmò anba gwo kout bèk san fwa ni lwa konpatriyòt li yo te konn pran nan men l.

Se konsa, anpil gwo batay, anpil bat bouch tanmen, anpil gwo woumble pou gade kouman yo dwe atake pwoblèm sa. Si nan konstriksyon lavi moun nan, gen de (2) pati, kidonk yon kote goch ak yon kote dwat, se menm kout baton bwa bayawonn¹ plen pikan an, ni pou nèg ak fanm ki t ap viv nan moman an.

Yon pòsyon nan yo chache jwenn ti zo pa yo pou souse, paske chen ki gen zo nan bouch li, pa gen zanmi epi li pa p jape byen. Si ou ta vle wete li nan bouch li, ki long pi mal pase kafetyè k ap separe kafe nan lanmò kay konpè chèf seksyon. Avèk bouch li k ap ponpe dlo, tankou chandèl nan gran lakou, anba peristil k ap fonn anba chalè dife. Adje konpè se ou k ap wè l, sa k rive w se pa w paske si foumi pa mouri anba sak sik, ebyen gen yon jou zo a gen pou tonbe, oswa li kondwi l nan peyi tèt san chapo.

Se konsa tou gen yon gwoup, ki pa nan danse kole avèk gwoup jandam sa yo, ki vin pase pou chèf yo, ki gen dwa pou fè sa yo pito sou yo. De kòk kalite pa rete nan menm baskou², kidonk koze pou y ap vin fè yo wè larezon sou byen yo. Bagay sa a pa dwe rive bò isit, swa yo pase sou kavav nou.

(1) **Bayawonn**: pye bwa ki plen pikan, ki pouse tout kote

(2) **Baskou**: kote yo gade poul

Si wòch nan dlo pa konn koze sa yo ki nan solèy, koze sila pral katiye relasyon ki ta dwe devlope nan mitan pitit eritaj la. Nan banboche, nan mete pa, wete pa, nan gwo wonmble ki makonnen yo, pou pataje lakontantman yo, youn tanmen koumanse bat bouch ant yo, dekwa pou rive konprann kijan yo ta dwe jere otorite yo nan eritaj la. Mezanmi, si priyè rive fèt anba tè, chen ap konnen kanmenm. Alòske, li reyalize nan mitan lajounen, mwen pa bezwen di w kouman pa gen fouye zo nan gonmbo pou chèche zo.

Nan kite ambition monte yo, nan kite chalè tafya melanje avèk foli rive pral fè yo touye pwòp san frè parèy yo, nan kondisyon ki grav anpil. Koze sila pral lakòz gwo tonton pwoblèm sou lavi abitan yo ki se eritaj moso gato sa a tou.

Alèkile, nen pran kou je pral kouri dlo. Men se byen konte, mal kalkile paske cheval ki tonbe nan raje, se manje chen. Kidonk, menm jan pis pa konn zafè chen ki grangou, bagay yo pral konplike pou yo nan kanton an. Zago loray yo ki konprann sa, ki bezwen ranpli djola yo tou, pral koumanse ateri sou moso eritaj la tou, paske dan pouri gen fòs, sou bannann mi, sa yo t ap chèche anlè, yo jwenn li atè.

Menm gwoup zago loray sa yo, atoufè san pitye sa yo, kite koumanse ap piye tout kote nan lemond antye, vini kounya lakay nou, ki jwenn yon espas ki plen avèk richès malgre anpil gwo eskanmòtè¹ te deja koumanse dechèpiye l. Yo te tounen yon sansi pou yo te kapab souse san malere yo, epi fè yo pratike kòve.

Mezanmi, tout sa k pa bon pou youn, ap nan avantaj yon lòt. Menmsi si, se nan kase mayi nou va jwenn chans pou konte tout bougon yo, paske koze gwo trip ak ti trip andedan vant kretyen vivan, lestomak pa mete bouch. Depi, mesye jandam sa yo antre sou fas tè sa a, gran paran yo te bay lavi yo pou li a, yo pa janm, sispann maspinen abitan yo.

Gwo pataswèl² ant le tande ak wè, melanje ansanm ak prizon, pase pran move tretman nan tout sans pa sispann taye banda nan mitan yon sosyete a, ki te gen ti chire pit ant yo. Kidonk, si dan avèk lang konn nan diskisyon, men yo konn antann yo pou kont yo. Eske nou te bezwen, yon lyon abiye ansanm ak po mouton pou te vin fè nou lalwa? Paske rad ki sal, lave nan fanmiy yo. Aloufa ki fouye bouch yo tout longè nan bagay ki pa gade yo, toujou vle pran pòz y ap ba w lebwa pou soti. Men se pa moman moun nan, ap nwaye pou ou montre l naje.

(1) *Eskanmòtè* : vòlò

(2) *Pataswèl*: gwo kalòt nan figi

Depi jandam sa yo antre, yo mache chèche gwoup moun ki pa danse kole avèk sitiasyon divizyon ki t ap taye banda a, nan lepòk la, ki menm te fè yo rive touye gwo chèf yo a, ki te yon moun, tout nasyon alawonbadè te konnen tankou chèf ki reprezantan douvan lèzòt yo.

Malfektè san padon sa yo, ki pa tande ak wè, epi ki pa deside pran koulè menm si nou ta benyen yo ak woukou¹. Sansi sa yo, depi fal yo pa fin ranpli, yo pa p lage w. kidonk, depi rive yo sou pòsyon eritaj divizyon sa a, yo touye tout gwoup moun sa yo ki te touye, reprezantan nasyonal moso richès la. Apre sa, jandam ame jous rive nan grenn dan sa yo, ki sanble pa pile anyen ki frèt, vin pran gou. Paske zonbi ki goute sèl pa mande rete, yo mache okipe tout gwo bagay ki kapab ba yo richès, ki pral ede yo ranpli pòch yo pi vit. Paske depi chodyè pa pou ou, w ap kite manje graten.

Mesye sila yo, ki konprann koze sa tankou dlo kòk pa sispann fè tout sa yo konnen, pou aji vit. Men pitit nasyon an, ki mèt eritaj sa kontinye ap chache konnen ki wout pou yo swiv, yon mannyè pou yo kase dan eskanmòtè yo. Si kabrit pare pou zepina, ebyen zepina te deja ranje li pou ba li repons. Pandan yo pa twò chita touye tèt yo nan manje pwav, dekwa pou lè piman bon mache, pou lestomak yo pa gentan fin gate.

(1) *Woukou*: bagay pou trape vyann epi pou bali bon jan koulè